



**THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL**

**MICHAEL J. BURKE
SUPERINTENDENT**

**KAREN M. BRILL
BOARD CHAIR**

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-649-6833 / FAX: 561-649-6837

WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

**MARCIA ANDREWS
BOARD VICE CHAIR**

GLORIA BRANCH
EDWIN FERGUSON, ESQ.
MATTHEW JAY LANE, ESQ.
VIRGINIA SAVIETTO
ERICA WHITFIELD

**Avi Anyèl Pwogram Tit I Paran/Responsab Legal
dwe Konnen pou ane 2025-2026**

11 out 2025

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach resevwa lajan nan men gouvènman Federal pou lekòl Tit I yo selon *Student Succeeds Act* (ann anglè ESSA). Kòm paran yon timoun ki nan yon lekòl Tit I ou gen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon konsènan edikasyon pitit ou a.

Selon lalwa, ou gen dwa pou:

- Mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit ou a;
- Fè w konnen si pwofesè a asiyen oswa k ap anseye pitit ou a, yo konsidere l kòm yon moun ki p ap anseye nan domèn li paske pwofesè a pa gen sètifikasyon nan matyè a oswa nan nivo klas l ap anseye a;
- Mande si pèsònèl ki pa pwofesè ap anseye pitit ou epi si wi, ki kalifikasyon pwofesyonèl li;
- Se pou yo bay ou enfòmasyon konsènan nivo akonplisman ak pwogrè akademik pitit ou a nan evalyasyon akademik eta a.

Pou mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesè yo ak moun ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak moun ki responsab pwogram Tit I an. Pandan ane lekòl la ap avanse, lekòl la ap fè w konnen konsènan nivo akonplisman ak pwogrè akademik pitit ou a nan evalyasyon akademik eta a, epi si pitit ou a gen yon pwofesè ki pa gen sètifikasyon nan matyè oswa nan nivo klas y ap anseye a.

Mèsi pou enterè w ak patisipasyon san rete nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Michael J. Burke,
Sipèentandan